

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga udagan pikeun maluruh struktur carita sarta éksisténsi wanoja nu digambarkeun ku tokoh utama wanoja. Objék dina ieu panalungtikan nyaéta karya sastra Sunda wangun novélét nu judulna *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia. Tiori nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tioti struktural Robert Stanton, jeung tiori kirtik sastra féminisme éksisténsialis Simone De Beauvoir nu nyoko kana wangun éksisténsi sarta stratégi éksisténsi tokoh utama wanoja dina novélét *Asmarandana Liwung* karya Aam Amilia. Méthode panalungtikan nu digunakeun nyaéta méthode déskriptif analitik pikeun ngadéskripsikeun fakta dina objék panalungtikan, kalawan ngagunakeun téhnik tala'ah pustaka. instrumén panalungtikan nu digunakeun pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data nyaéta mangrupa kartu data struktural, jeung kartu data digital éksisténsi wanoja.

Dumasar kana hasil analisis jeung pedaran dina Bab IV, bisa dicindekkeun yén téma nu aya dina ieu novélét téh sabada maluruh sawatara pasualan boh konflik batin boh konflik sosialna, nyaéta tokoh utama wanoja anu hayang némbongkeun idéntitas dirina, sarta bajoang nyaimbangkeun kabébasan jeung tanggung jawabna. Galur carita nu digunakeun dina ieu novélét téh nyaéta mobok tengah, katitén nyaritakeun deui mangsa nu geus kalarung jeung kajadian nu keur karandapan. Kapaluruh ogé ayana tahapan-tahapan galur nu ngawengku tahap *situation*, *generating circumstances*, *rising action*, *climax*, jeung *denouement*. Tokoh anu katitén dina eusi carita mah sakabéhna aya 49 tokoh. Tokoh utama dina ieu carita nyaéta *Asmarandana* nu kagolong kana tokoh protagonis. Ari tokoh tambahan nu utama atawa signifikan timbulna aya *Naya* jeung *Suwitri*. *Naya* salaku salaki *Asmarandana* digambarkeun antagonis, *Suwitri* mah kagolong tritagonis. Latar tempat nu kapaluruh aya 64. Nu mindeng kapanggihna nyaéta aya imah *Asmarandana*, kantor, café, jeung *RSJ* nu jadi tempat penting ku sabab indungna

Rifa Salsa Sabila, 2025

ÉKSISTÉNSI WANOJA DINA NOVÉLÉT ASMARANDANA LIWUNG KARYA AAM AMILIA
(*Ulikan Struktural jeung Féminisme*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

salila lima taun aya di dinya. Latar waktu nu kapaluruh nyaéta aya 34. Waktu nu mindeng kagambar nyaéta waktu peuting, ayeuna, poé, jeung harita, nu nuduhkeun ieu novélét téh miboga galur mobok tengah. Latar sosial nu kapaluruh dina ieu carita nyaéta ayana kelas sosial golongan luhur, golongan menengah, sarta gaya hirup modéren nu karandapan ku tokoh utama.

Éksisténsi wanoja nu dipaluruh dina ieu novélét katitén ayana wangun éksisténsi aya keur dirina, aya keur batur sacara positif jeung négatif. Tokoh utama wanoja bisa disebut suksés némbongkeun éksisténsi wanojana, ku sabab bisa némbongkeun wangun éksisténsi aya keur dirina sacara bébas jeung pinuh tanggung jawab. Stratégi éksisténsi nu dipaluruh nyaéta ayana gambaran wanoja karir, wanoja intelék, wanoja nu ngamasarakat, jeung wanoja modéren nu atra katingali tina kahanan tokoh utama nu digambarkeun ku pangarang. Stratégi éksisténsi nu leuwih ditémbongkeun ku tokoh utama mangrupa éksisténsi wanoja modéren-inteléktual nu katitén nampik jeung ngararancang pakasaban nu ngadumaniskeun kaparigelan psikologisna, minat kana jurnalistikna, sarta tanggung jawab sacara maternal. Tokoh utama wanoja bisa némbongkeun idéntitas dirina salaku wanoja modéren nu katitén masih kénéh ngajalankeun peran tradisionalna tur bisa nyaimbangkeun jeung kabébasan dirina. Ku kituna, tokoh utama bisa disebut hasil ngawangun éksisténsi nu oténtik dina harti ngajalankeun kahirupan luyu jeung kahayangna kalawan pinuh tinimbangan, sarta tanggung jawab ka dirina sorangan.

Ditilik tina eusi caritana, novélét *Asmarandana Liwung* téh lain wungkul salaku buku bacaan, tapi ogé katitén eusina ngandung maksud anu jero. Pangarang ngébréhkeun dunya anyar keur wanoja nu bébas dina nangtukeun pilihan kahirupanana. Wanoja teu salilana kudu ngurus domestik wungkul. Tapi, wanoja ogé boga hak pikeun némbongkeun éksisténsi dirina salaku wanoja nu bébas nu teu katalikung ku harepan sosial atawa dunya patriarkal. Ieu novélét téh méré gambaran pikeun kaum wanoja jaman kiwari upama disanghareupkeun kana dua pilihan antara kabébasan jeung tanggung jawab. Pangarang méré solusi sangkan wanoja bébas milih, teu sagemblengna tunduk kana patriarki. Tokoh utama bisa nandeskeun dirina salaku subjék nu berdaulat.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekan, aya sawatara rékoméndasi nu aya patalina jeung ieu panalungtikan sangkan panalungtikan ka hareupna leuwih gemet nalungtik perkara éksisténsi wanoja atawa ulikan kritik sastra féminisme.

Kahiji, ieu panalungtikan medar ngeunaan struktur carita jeung éksisténsi wanoja dina novélét *Asmarandana Liwung*. Ku kituna, dipiharep aya panalungtikan séjén nu medar ieu novél kalawan leuwih jéntré tina segi aspék nu béda. Kadua, ieu panalungtikan téh mangrupa bagian leutik tina ambahan panalungtikan anu lega. Ku kituna, dipiharep panalungtikan ka hareupna bisa ngagunakeun pamarekan séjén pikeun ngajembaran pangaweruh kana panalungtikan kritik sastra féminisme. Katilu, studi pustaka ngeunaan éksisténsi wanoja katitén saeutik kénéh. Ku kituna, dipiharep pikeun panalungtikan satuluyna bisa leuwih jero deui maca, maham tur maluruh éksisténsi wanojana. Loba maca téh tangtu ngeuyeuban pangaweruh urang sangkan bisa kritis dina nyurahan ma'na kahirupan di jaman kiwari.